

BAB III

DESAIN PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Panalungtiukan anu bakalan digarap ieu kagolong kana panaluntikan kualitatif, kusabab mètode anu digunakeunna nyaèta mètode dèskriptif analitik. Mètode dèskriptif analitik mangrupakeun mètode gabungan antara mètode deskriptif jeung metode analisis, metode deskiptif analitik dipake pikeun ngadèskripsikeun fakta-fakta anu saterusna dianalisis (Ratna. 2013 kc. 53). Dèskiptif hartina ngagambarkeum kaayaan aslina (fakta), sedengkeun analisis nyaèta prosès ngatalaaah. Nalaah gambaran fakta-fakta sangkan bisa meunangkeun pamahaman anu sagemblengna. Sacara tèhnis, lèngkah mimiti anu dilakukeun nyaèta ngadeskripsikeun data terus manggihan unsur-unsurna pikeun dianalisis.


Pikeun maluruh jeung nganalisis data, panalungtik ngagunakeun pamarekan struktural, anu tugasna ngaguar eusi stuktur otonom dina teks drama. Ku kituna data anu dianalisis tèh patali jeung struktur intinsik drama anu ngawengku caritaan jeung dramatikna, tur kumaha wangun ajn moralitasna. pikeun maluruh èta hal, dina ieu panalungtikan digunakeun tehnik analisis data, jeung tehnik interpretasi.

Tehnik analisis data tèh digunakeun pikeun nangtukeun data jeung maluruh data anu patalina jeung struktur dina naskah drama Juag Toèd karya Yosèf Iskandar, anu dipaluruh strukturna nyaèta tèma caritam fakta carita, sarana sastra, jeung struktur dramatikna. Tèhnik interpretasi mah digunakeunna pikeun maluruh jeung napsirkeun ajèn moral dina carita dumasar kana tatapakan jeung pamarekan stukturalisme.

Pikeun ngumpukeun kabeh pangabutuh sumber data anu satuluyna digunakeun tehnik studi pusta. tehnik studi pustaka tèh dipakè pikeun angtukeun sumber data jeung maluruh data anu raket patalina jeung pangaweruh ngeunaan sastra boh dina hal tioti boh dina hal sajarah sastra. Pikeun nyusun, nalaah, jeung medar sumber data nepi ka nganalisis data, ieu panalungtikan mikabutuh desain anu puguh. Patali jeung èta, panalungtik ngararancang desain panalungtikan ieu dihandap.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan



3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa salah sahiji léngkah nu paling pokok (stratégis) dina hiji panalungtikan, éta hal balukar tina tujuan utama panalungtikan nya éta pikeun meunangkeun data. Tanpa mikanyaho téhnik ngumpulkeun data, panalungtik moal bisa meunangkeun data nu nyumpunan standar data nu geus ditangtukeun (Sugiyono, 2011, kc. 224)

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi bahan bacaan nu aya patalina jeung objék panalungtikan. Ieu téhnik dipaké nalika ngumpulkeun data pikeun nganlisis data tur néangan sumber data séjén nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data atawa nganalisis data nyaéta ngelompokkeun, nyieun hiji runtuyan,sarta nytinggetkeun data sangkan babari dibacana. Dina ieu panalungtikan,

data anu geus ka paluruh tuluy diolah ngagunakeun téhnik analisis data. Nurutkeun Patton dina Moleong, 2012, kc. 280), analisis data nyaéta prosés ngelompokkeun data, ngaorganisasikeun kana hiji pola, jeung sistem uraian dasar.

Dina ieu panalungtikan, hal nu dianalisis nyaeta struktur carita, struktur naskah drama, jeung ajèn moral dina naksah drama “Juag Toèd” karya Yosseph Iskandar. Struktur carita nu dianalisis dumasar kana konsep Robert Stanton anu ngawengku tèma, fakta carita, jeung sarana carita. Analisis stuktur naskah drama anu dipake nyaeta konsep Isnèndès anu ngawengku prolog, dialog, *pembabakan*, adegan, wawancang, *solilokui*, *aside*, episode jeung epilog. Sedengkeun ajèn moral dina ieu panalungtikan bakal ngagunakeun konsep dumasar Nurgiyantoro anu ngabagi moral jadi tilu hubungan, nyaéta, hubungan jalma jeung dirina sorangan, hubungan jalma jeung Gustina, hubungan jalma jeung jalma lianna kaasup hubunganna jeung lingkungan.

Léngkah-léngkah dina nganalisis ieu data panalungtikan nyaéta:

- 1) maca jeung maham kana naskah drama “Juag Toèd” karya Yosseph Iskandar;
- 2) nganalisisstruktur carita jeung struktur naskah drama “Juag Toèd” karya Yosseph Iskandar;
- 3) nganalisis unsur ajèn moral dina naskah drama longsèr “Juag Toèd” karya Yosseph Iskandar;
- 4) nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

3.2.2.1 Tèhnik Analisis Struktur Carita

Dina ngolah data anu geus aya, digunakeun analisi data ngeunaan analisis struktur carita konsèp Robert Stanton anu ngawengku tèma, fakta carita (alur, tokoh jeung panokohan, jeung latar), jeung sarana carita (judul, puseur implengan, jeung simbolisme). Sangkan leuwih fokus kana analisisna, ieu dihadap dijentrekeun lengkah-lengkah analisis datana.

- 1) Maca jeung maham kana naskah drama.

- 2) Nganalisis struktur carita.
- 3) Ngadeskripsikeun analisis data.

3.2.2.2 Tèhnik Analisis Struktur Naskah Drama

Saenggeus analisis struktur carita beres dianalisis, tuluy kana analisis struktur naskah drama. Anu digunakeun dina analisis struktur naskah drama ieu nyaéta konse Isnèndès anu ngawengku prolog, dialog, *pembabakan*, adegan, kramagung, wawancang, *solilokui*, *aside*, episode jeung epilog. Sangkan leuwih fokus kana analisisna, ieu dihandap dijentrekeun lengkah-lengkah analisis datana.

- 1) Maca jeung maham kana naskah drama
- 2) Nganalisis struktur naskah drama
- 3) Ngadeskripsikeun analisis data.

3.2.2.3 Tèhnik Analisis Ajèn Moral

Sanggeus kananalisis struktur carita jeung struktur naskah dram, satulunya ngaanalisis ajèn moralna. Ajèn moral dina ieu panalunhtikan ngagunakeun konsen Nurgiyantoro anu ngabagi moral kana babaraha bagian, nyaéta hubungan jalma jeung dirina sorangan, hubungan jalma jeung Gustina, hubungan jalma jeung jalma lianna kaasup hubunganna jeung lingkungan. Sangkan leuwih fokus kana analisisna, ieu dihandap dijentrekeun lengkah-lengkah analisis datana.

- 1) Maca jeung maham kana naskah drama
- 2) Nganalisis ajèn moral
- 3) Ngadeskripsikeun analisis data.

3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumèn anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data digunakeun pikeun ngabarakeun milih jeung milah data nu kapanggih tina sumber data panalungtikan.

3.3.1 Instrumen Ngumpulkeun Data

Instrumèn anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaèta kartu data. Kartu data digunakeun pikeun ngabarakeun milih jeung milah data nu kapanggih tina sumber data panalungtikan.

1) Kartu Data Struktur Carita

Table 3.1
Kartu Data Struktur Carita

No	Struktur Carita	Cutatan	Kode
1	Tema, Fakta Carita, Sarana Crita	Cutatan dina naskah drama Juga Toèd karya Yoseph Iskandar	NDJT/B/KC

Keterangan:

- a. NDJT : Naskah Drama Juag Toèd
- b. B : Babak
- c. KC : Kaca

2) Kartu Data Struktur Naskah Drama

Table 3.2
Kartu Data Struktur Naskah Drama

No	Struktur Naksah Drama	Cutatan	Kode
1	Prolog, Dialog, <i>Pembabakan</i> , Adegan, Wawancang, <i>Solilokui, Aside</i> , Episode Jeung	Cutatan dina naskah drama Juag Toèd karya Yoseph Iskandar	NDJT/B/KC

	Epilog.	
--	---------	--

Keterangan:

- a. NDJT : Naskah Drama Juag Toèd
- b. B : Babak
- c. KC : Kaca

3) Kartu Data Ajèn Moral

Table 3.3
Kartu Data Ajèn Moral

No	Ajèn Moral	Kode Data	Cutatan carita	Ajèn Moral Dumasar Konsep Nurgiyantoro		
				1	2	3
1	Ajen atawa <i>Non Ajèn Moral</i>	NDJT/B/KC	Cutatan dina naskah drama Juga Toèd karya Yoseph Iskandar			

Keterangan:

- (1) NDJT : Naskah Drama Juag Toèd
- (2) B : Babak
- (3) KC : Kaca
- (4) 1 : Hubungan jalma jeung dirina sorangan
- (5) 2 : Hubungan jalma jeung Gustina
- (6) 3 : Hubungan jalma jeung jalma lianna kaasup
hubunganna jeung lingkungan.

3.3.2 Instrumen Ngolah Data

Instrumèn anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaèta kartu data. Kartu data digunakeun pikeun ngabarakeun milih jeung milah data nu kapanggih tina sumber data panalungtikan

1) Kartu Data Analisis Struktur Carita

Table 3.4

Analisi Tema

Tema	
Kode Data	: NDJT/T/B/KC
Cutatan	: “Cutatan dina naskah drama Juga Toèd karya Yoseph Iskandar”
Analisis	: “Analisis ngeunaan cutatan dumasar tiori anu dipakè”

Keterangan:

- (1) NDJT : Naskah Drama Juag Toèd
- (2) T : Tema
- (3) B : Babak
- (4) KC : Kaca

Table 3.5

Analisis Fakta Carita

Fakta Carita	
Kode Data	: NDJT/FC1/B/KC
Cutatan	: “Cutatan dina naskah drama Juga Toèd karya Yoseph Iskandar”
Analisis	: “Analisis ngeunaan cutatan dumasar tiori anu dipakè”

Keterangan:

- (1) NDJT : Naskah Drama Juag Toèd
- (2) FC : Fakta Carita
 - 1 alur
 - 2 tokoh jeung panokohan
 - 3 latar
- (3) B : Babak

(4) KC : Kaca

Table 3.6
Analisis Sarana Sastra

Sarana Sastra	
Kode Data	: NDJT/SS1/B/KC
Cutatan	: “Cutatan dina naskah drama Juga Toèd karya Yoseph Iskandar”
Analisis	: “Analisis ngeunaan cutatan dumasar tiori anu dipakè”

Keterangan:

- (1) NDJT : Naskah Drama Juag Toèd
- (2) SS : Sarana Sastra
 - 1 Judul
 - 2 Puseur Implengan
 - 3 Simbolisme
- (3) B : Babak
- (4) KC : Kaca

2) Kartu Data Analisis Struktur Naskah Drama

Table 3.7
Analisis Struktur Naskah Drama

Struktur Naskah drama	
Kode Data	: NDJT/SN1/B/KC
Cutatan	: “Cutatan dina naskah drama Juga Toèd karya Yoseph Iskandar”
Analisis	: “Analisis ngeunaan cutatan dumasar tiori anu dipakè”

Keterangan:

- (1) NDJT : Naskah Drama Juag Toèd
- (2) SN : Struktur Naskah
 - 1 Prolog 6 Kramgung
 - 2 Dialog 7 Solilokui
 - 3 *Pembabakan* 8 Aside
 - 4 Adegan 9 Episode
 - 5 Wawancang 10 *Epilog*
- (3) B : Babak
- (4) KC : Kaca

3) Kartu Data Analisis Ajèn Moral

Table 3.8
Analisis Ajèn Moral

Ajen Moral	
Kode Data	: NDJT/AM1/B/KC
Cutatan	: “Cutatan dina naskah drama Juga Toèd karya Yoseph Iskandar”
Analisis	: “Analisis ngeunaan cutatan dumasar tiori anu dipakè”

Keterangan:

- (1) NDJT : Naskah Drama Juag Toèd
- (2) AM : Ajèn Moral
 - 1 Hubungan jalma jeung dirina sorangan
 - 2 Hubungan jalma jeung Gustina
 - 3 Hubungan jalma jeung jalma lianna kaasup hubunganna jeung lingkungan.
- (3) B : Babak
- (4) KC : Kaca

3.4 Data jeung Sumber Data

3.4.1 Data

Data dina ieu panalungtikan, nyaèta ajèn moral jeung struktur carita anu nyampak dina naskah Juag Toèd karya Yosèf Iskandar. Ari data anu dipaluruh tèh sumberna tina karya sastra, dina ieu hal, naskah drama Juag Toèd karya Yosèf Iskanda

3.4.2 Sumber Data

3.4.2.1 Biografi Pangarang

Yoseph Iskandar lahir di Purwakarta 11 Januari 1953, tilar dunya di Ujungberung 26 Maret 2013, dina umur 53 taun. Yoseph Iskandar téh sastrawan anu réa nulis dina wangun carpon, novèl, roman, jeung drama dina basa sunda. Lulus ti SMA, Yoseph Iskandar nuluykeun pendidikanana ka APTU (Akademik Teknik Pekerjaan Umum) di Bandung. Tapi dina gumulugna hirup Yoseph Iskandar téh milih dunya sastra, batan dunya teknikna. Sababaraha sastrawan anu saangkatan jeung manéhna di antarana Eddy D Iskandar, Godi Suwarna, Juniarso Ridwan jrrd. Yosép ogé milu ngadegkeun organisasi sastrawan Sunda anu ngaranna *Durma Kangka* anu ngahasilkeun dua buku nu judulna Antologi *Puisi Sunda Mutakhir* (1980) jeung *Tumbal* (1982).

Salian icikibung dina dunya sastra, Yoseph Iskandar ogé milu aktif dina dunya téater jeung jurnalistik. Dina dunya téater, manéhna kungsi jadi ketua dina taun 1977 nepi ka 1981. Dina dunya jurnalistik, manéhna kungsi jadi rédaktur di majalah *Manglè* taun 1979 nepi ka 1985 jeung tabloid *Giwangkara*. Dina kasusastraan, Yoseph Iskandar nulis sababaraha buku anu hadè, salasahijina series novèl sajarah anu kasinugrahan *Hadiyah Sastra Rancagé*, di anatarana.

- 1) Perang Bubat (1988)
- 2) Wastu Kancana (1989)
- 3) Prabu Wangisutah (1991)
- 4) Tanjeur na Juritan, Jaya di Buana (1991)
- 5) Pamanahrasa (1991)
- 6) Putri Subanglarang (1991)
- 7) Prabu Anom Jayadéwata (1996)
- 8) Tri Tangtu di Bumi

Salian ti karya sastra nu ditataan di luhur, Yoseph Iskandar ogè nyieun babaraha karya dina wangun buku, artikel, puisi, sarta naskah drama, diantarana

- 1) Yuganing Rajakawasa
- 2) Sejarah Kebudayaan Jawa Barat
- 3) Sejarah Cirebon
- 4) Sejarah Banten
- 5) Peristiwa serangan pasukan RI terhadap Inggris di daerah Sukabumi pada masa revolusi
- 6) Ngadegna Pajajaran (naskah drama)
- 7) Pemberontakan Cakrawarman (naskah drama)
- 8) Runtagna Pajajaran (naskah drama)
- 9) Nyi Puun (naskah drama)
- 10) Tanjeur Pajajaran (naskah drama)
- 11) Haji Prawatasan (naskah drama)
- 12) Juag Toed (naskah drama komedi)
- 13) Harewos Nu Gaib (naskah drama)
- 14) BOM (naskah drama)
- 15) Cucunguk (naskah drama)

3.4.2.2 Identitas Naskah Drama

Judul Naskah Drama : “Juag Toèd”


Pangarang : Yoseph Iskandar

Citakan : 1984 (citakan mimiti)

Dipedal ku : Rahmat Cijulang

Jumlah Halaman : 76 kaca

Gambar Cover ku : Tatang Sumarsono



Ukuran Buku : 12cm x 17cm

3.4.2.3 Sinopsis Naskah Drama

Naskah drama ieu nyaritakeun Deamang Jeung Patinggi anu dibèrè tugas ku demang nèangan ronggèng jeung ngarayakeun ulantaun anakna, tapi pamajikanna teu apaleun tugasna tèh nèangan ronggeng, dibèjaan ku Juru Tulis, antukna pamajikan Demang jeung Patinggi tèh nèangankeun salakina ku cara nyamar tèa, urat gèdèna dina ieu drama tèh ngobrolkeun kasenian Ronggèng anu dimana aya babaraha kalangan anu nganggap seni rucah, mintonkeun sexualitas, tapi aya ogè anu teu mikir kainya. Naskah drama ieu bakalan ngaguar polemik polemik kasenian Ronggèng dina panon kasenian jeung sexualitas

